



Office for People With Developmental Disabilities

KATHY HOCHUL
Gouvènè

WILLOW BAER
Komisyonè Enterimè

Janvye 3, 2025

Chè Patisipan:

Yo chwazi w pou patisipe nan yon sondaj ki rele *Sondaj an Pèsòn sou Endikatè Debaz Nasyonal (National Core Indicators, NCI)-Andikap Entelektyèl oswa Devlopmanal (Intellectual or Developmental disability, IDD)*. Sondaj sa a fèt atravè peyi a pou evalye sèvis adomisil ak sèvis kominotè yo. Yo pral itilize sondaj la pou amelyore kalite sèvis OPWDD ofri yo.

Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal la (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) ap travay ak **Vital Research** pou fè sondaj NCI la. Sondaj la poze kesyon sou sèvis ou resewva yo ak kijan yo byen satisfè bezwen ou yo.

Yon anketè **ki soti nan Vital Research** ka rele ou ant mwa janvye ak jen pou pwograme yon dat pou li rankontre avèk ou atravè Zoom nan yon konferans videyo. Ou ka patisipe nan entèvyou sa yo sou òdinatè, tablèt oswa esmatfòn. Ou ka chwazi dat ak lè konferans videyo a pral fèt la. Ou ka chwazi sispann patisipasyon w nan sondaj NCI la nenpòt ki lè.

Sondaj sa a volontè. Vi prive w enpòtan pou nou. Repons ou yo ap rete konfidansyèl epi yo p ap pataje yo ak pwofesyonèl swen sante w yo, manadjè swen w lan oswa lòt moun k ap ede w yo. Sondaj NCI la p ap chanje okenn nan sèvis ou yo.

Nou espere ke w ap chwazi patisipe nan sondaj enpòtan sa a epi ban nou opinyon onèt ou sou sèvis ou itilize yo. Pou aprann plis, ou ka vizite sitwèb la nan www.vitalresearch.com/newyork/nci. Si w gen nenpòt kesyon oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon, tanpri kontakte **Vital Research, sou nimewo apèl gratis la, nan (888) 351-4147 oswa pa imèl nan NYNCIProject@vitalresearch.com**.

Sensèman,

Tamika R. Black, Ph.D.
Komisyonè Adjwen
Divizyon Estrateji ak Jesyon Done

Divizyon Estrateji ak Jesyon Done

44 Holland Ave, 3rd Floor, Albany, NY 12229 | Telefòn: 518.402.2239 | www.opwdd.ny.gov